Pèfeksyon An

. . .E pou m isi a pou adore ansanm avèk nou. Epi kounye a jis anvan Mesaj la, mwen gen bon zanmi m lan isi a sou lestrad la aswè a, Doktè Lee Vayle, ki soti nan Premye legliz Batis nan Lima, Ohio, ki te youn nan moun ki te parene m nan reyinyon Lima a. Mwen te mande l, pandan m ap vini aswè a, si l pa ta vle jis di yon mo bay kongregasyon an, petèt ki gen rapò ak reyinyon Lima a, pou pwochen moman an oswa de. E mwen kontan, mwen fyè pou m prezante ba nou aswè a, Doktè Lee Vayle, yon lòt Batis ki gen Sentespri a. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

2 Amèn. Bondye beni w, Frè Vayle, tou.

3 Sa te byen fò pou yon pastè Batis, pa vre? Ebyen, nou trè kontan pou n gen Frè Vayle avèk nou. E sètènman pòt yo louvri pou li retounen vizite nou nenpòt lè li kapab. E kounye a aswè a. . .

Demen swa se *Antèman* Seyè Jezi *A*—a.

4 Dimanch maten se sèvis solèy leve sizè a. E mwen kwè frè a te anonse pwochen pati sèvis la.

Kounye a annou priye jis yon moman.

5 Seyè beni, Pawòl Ou se Verite, e nou rekonesan pou lòm ki manyen Li, san perèz, pandan y ap bay moun yo Li. E kòm n ap louvri Bib la aswè a, oswa tounen paj Li yo, ke Sentespri beni an vini epi louvri Pawòl konpreyansyon an pou nou. Atravè Jezikri, nou mande l. Amèn.

6 Gran sware sa ke n ap selebre a, de krisifiksyon Seyè beni nou an, mwen swete li aswè a ki sot nan Pwòp bouch presye Li, Pawòl ke Li te fè ekri yo nan Liv Li a. Nan Sen Matye, chapit 4 la, nou. . .ak vèsè 47 ak 48, nou li sa:

> *Epi si se sèlman frè nou* nou *di bonjou, kisa* nou *fè plis pase lòt yo? Èske menm pibliken yo pa fè konsa tou?*
>
> Men *nou menm, se pou nou pafè, menm jan Papa nou ki nan syèl la pafè.*

7 E aswè a nou te anonse ke nou pral pale sou sijè *Pèfeksyon* an. Kounye a nou. . .Sa sanble tankou yon tèks trè etranj pou pran pou nwit krisifiksyon Seyè nou an. Men jodi a, petèt, nou t ap tande radyo a, epi nou te tande diferan mesaj yo ak mesaje yo, kijan yo te prezante gran jou terib sa lè Seyè nou an te mouri pou peche mond lan. Kifè mwen chwazi, aswè a, pou m ale yon fason diferan, pou m rive sou li, kidonk li ta yon ti kras diferan epi li ta ka rafrechi nou yon ti kras. E ke Sentespri beni an enspire Pawòl la kounye a pandan n ap fè efò pou pote Li.

8 Bondye egzije pèfeksyon. Nou vle kenbe sa nan lespri nou, ke pa gen anyen ki jis fèt a mwatye ki ka ale nan Prezans Bondye. Li dwe pafè, adorasyon nou, tout bagay.

9 Bon, nan jaden Edenn lan, Bondye te gen Adan ak Èv nan jaden an. E yo te peche e yo te vyole lwa Bondye yo, nan peche, nan dezobeyisans. E lè transgresyon vini, dezobeyisans se transgresyon lalwa. E lalwa Bondye a, Limenm ki sen, jis sen san melanj, se poutèt sa pa gen okenn tras de sa ki pa sen ki ka janm kanpe nan Prezans Li. Kifè, si peche te vini nan mond lan pa transgresyon, alò yo dwe regle peche a anvan pechè a ka janm kanpe nan Prezans Bondye.

10 Bon, si pa gen okenn lwa, alò pa gen okenn jistis. Men lalwa te egzije, oswa, jistis egzije yon lwa. E lalwa, lè yo—yo rele l, li pwojte jistis.

11 Kounye a, pa lalwa, okenn chè pa sove. Kounye a, lalwa pa ka sove nou. Lalwa te jis bagay ki te mete nou nan prizon, men li pa gen okenn pouvwa pou rachte nou. Lalwa te sèlman montre nou ke nou te pechè, e li te kondane nou. Se sa lalwa dwe fè. Se pou pote kondanasyon, oswa pou montre w kote erè w la ye. Kifè lalwa, nan limenm, pat ka sove. Li te ka sèlman pouswiv moun.

12 E Bondye, kòm etan sen epi jis, Li te dwe gen yon pouswit. Li te dwe pouswiv pechè a paske li te depase limit gras yo, e li te vin yon sitwayen ki brize lalwa. Alò, yo dwe regle avè l.

13 E chak lwa gen yon pinisyon, paske, pinisyon pou vyole lwa Bondye a se lanmò. E li te dwe pwojte lanmò sou ras imen an. E tout ras imen an anba pèn lwa sa a.

14 Bon, lè Adan ak Èv te peche, pat gen okenn mwayen, okenn lòt remèd pou yo te ka janm kanpe nan Prezans Bondye ankò, eksepte si yo te regle peche sa. E okenn nonm pa ka komèt yon peche nenpòt kalite l ye a, kèlkeswa jan li piti oswa jan l gwo, peche endividyèl sa a dwe regle anvan sila ki te komèt li a ka janm kanpe nan Prezans Bondye Sen an.

15 Kifè, se poutèt sa, lè Adan ak Èv te peche e yo te vyole lalwa, yo te sijè pou lanmò. E lalwa te dwe egzekite, se poutèt sa li te mete tout ras imen an anba pèn lanmò a. Kounye a si nou ka sèlman poze tèt nou pou kèk moman kounye a, nan panse nou, epi gade gwo tablo sa, epi sonje ke chak moun isit la enkli nan sa. Chak gason ak fanm, timoun, enkli nan pèn lanmò a, akòz transgresyon ke tèt ras imen an te fè a, Adan; akòz transgresyon li, nou chak te tonbe viktim peche.

16 E peche dwe regle. E alò, Bondye, nan gran enfinite Li ak gran lanmou Li . . . Lwa a te dwe separe pechè a ak Kreyatè l la; alò li te vin aneyanti, epi aneyanti totalman, pa t ap gen okenn mwayen pou l janm retounen sòf si peche sa te regle. E sa t ap trè fasil alò pou kwè nan yon aneyantisman total pechè a nan fen an, paske li konplètman, separe pou tout tan de Prezans Bondye.

17 Kounye a remake peche sa a. E kijan Bondye, ki jis, e Li pa t ka fè anyen lòt ke pou L jis, paske Li se sous tout jistis, alò pa t ap gen anyen lòt pou L fè ke mete pèn pou transgresyon sa a. Epi pèn lan se te lanmò, paske Li te di: "Jou ou manje ladann, jou sa ou va mouri sèten." Kounye a, se yon tablo ki nwa nou genyen isi a.

18 Men alò si nou retounen jis on ti kras pi lwen, epi dekouvri atribi Bondye yo menm, Bib la di nou aklè ke "Bondye se lanmou." Men poutan, kòm etan lanmou, Li dwe jis. Konsa, lanmou pa vle di jis yon bagay ke yo ka dòlote epi jwe avè l. Lanmou se jistis Bondye.

19 Kounye a, lè Bondye te wè ke pitit Li yo te transgrese lwa Li, e ke yo dwe mouri lanmò a, alò lanmou souvren te fè entèvansyon pou fè yon chimen. Paske, Bondye te wè ke timoun sa yo ta dwe absoliman, totalman aneyanti sot nan Prezans Li. Pa t gen anyen lòt ki pou fèt, paske yo te transgrese lwa Li, e pèn lwa Li se te lanmò.

20 E alò lanmou Bondye te soti pou sijè L yo. E lè lanmou Diven pwojte, gras souvren an pwodui objè lanmou an. E Bondye, pa prekonesans, alòske Li te sitèlman renmen ras Li; poutan, ak pèn lan, Li te lakòz lanmò ranplasman an pran plas nan jaden Edenn lan. Sa vle di, Li te ranplase ak yon kreyati inosan, yon ti ayo ki pa t konnen peche, e li te ale pou yon ranplasan, pou aji epi mouri nan plas pechè koupab la. E se te yon ayo, ki te sakrifye, pou kenbe lavi sijè L yo.

21 Tout atravè Ansyen Testaman an yo te ofri san ayo ak kabrit yo, mouton, towo ak ti vach, yon lanmò espyatwa. Men, nan gran plan Bondye a, te gen byen fon nan panse Li vrè Objè k ap vini an, ki t ap. . . Sa yo se te lonbray vrè Objè ki te gen pou vini an. E vrè Objè ki te gen pou vini a, se te sèl Pitit Li te fè a. Tout ayo ki te mouri yo te sèlman yon lonbray. E yon lonbray se sèlman bò negatif yon objè. E yo te sèlman pale de Kalvè a k ap vini an.

22 Kounye a pou yon imaj sou sa, ann vire nan Bib nou yo, nan Liv Ebre yo, epi pran isi a sa Pòl, gran apot la k ap pale a, k ap eseye separe bagay sa yo pou nou. Nan chapit 10 Liv Ebre a, nou li sa.

23 E mwen jis renmen Pawòl la! Pawòl la se Laverite. E mwen renmen li L devan kongregasyon m lan, paske mwen konnen ke nan jijman an mwen pral kanpe avèk yo. E m gen yon kont pou m rann. Kifè si m tire L soti nan Pawòl la, alò m p ap koupab; paske Se Pawòl la, e se Bondye ki responsab Pawòl Li.

24 Nou sitèlman wè jodi a, dè evanjelis e latriye, k ap bati alantou pèsonalite yo. O, se yon bagay ki fè wont! Epi nou jwenn, lè nou antre nan legliz, nou antre nan legliz epi nou jwenn yon sèten pastè, li gen yon ti ajisman espesyal sou li, yon ti emosyon. Si w pa remake, tout kongregasyon an va pran lespri sa. Si li jis yon ti kras emosyonèl, oswa sekwe tèt li, oswa yon ti bagay

etranj, ebyen, tout legliz la ap pran fè sa. E nou rive, jodi a, nan legliz modèn nou yo, kote se sansasyon ak ti bagay konsa. E sa vin tèlman yon konfizyon! Men, o, frè byenneme m yo, si te janm gen yon tan kote nou ta dwe sou Pawòl la, se jodi a!

25 Ou wè, mwen pa ta renmen kanpe nan jijman an epi pou m konnen ke m te gen yon ti revelasyon etranj ki san fondman, epi m te kondwi moun yo nan lerè. Mwen pa vle yo gen lespri mwen nan fason mwen aji, men mwen vle yo gen Lespri Bondye selon Pawòl Bondye a, ki pwodui Laverite.

26 Kifè nan gran okazyon sa aswè a, mwen ta renmen li nan Pawòl Etènèl Bondye a. Bon nou reyalize ke lalwa te egziste pandan plizyè lane, men lalwa pa t janm ka efase peche. Jan m te di nan tan pase, se te jis yon prizon. Se te gwo detektif la ki te di w kisa w te fè, men ki pa t gen okenn remèd pou delivre w. Li te mete w nan boutik sou gaj la, men pat gen okenn Redanmtè pou fè w soti, anba l. Li sèlman mete w nan prizon, pou fè w konnen ke ou te yon pechè. Men kounye a remake nan Ebre, chapit 10 la, pandan n ap li.

Paske lalwa a ki gen yon lonbraj bon bagay ki gen pou vini yo, epi li pa imaj menm . . .

27 Sonje byen, se te lonbraj yon imaj ki te gen pou vini. Yon lonbraj sèlman prezante ke gen yon imaj ki fè lonbraj la. “Yon lonbraj bagay ki gen pou vini yo, e pa imaj la menm.” Remake, “de bagay yo . . . ”

. . . imaj menm bagay yo, pa janm kapab ak sakrifis sa yo ki te *ofri . . . san rete a fè* moun ki vini an *vin pafè.*

28 Bon, Bondye, nan kòmansman an, te egzije pèfeksyon. Jezi, lè L te vin sou tè a, te di: “Se pou nou pafè, menm jan Bondye nan Syèl la pafè.” E lalwa a, ki gen lonbraj bagay ki gen pou vini yo, pa t ap janm ka rann adoratè a pafè. Nou konpran sitiyasyon an? Kounye a ann al ladan l ankò konsa n ap asire nou ke nou pa rate l. Bondye egzije yon sentete pafè. Pèsonn pa ka kanpe dapre pòtre Li, ak yon sèl ti kras peche. Jezi te temwaye menm bagay la, epi te di: “Se pou nou pafè, jis menm jan Bondye nan Syèl la pafè.”

29 E Bib la di ke “Lalwa pa t ap janm ka, ak sakrifis li yo, rann moun ki pwoche an pafè.” Alò, lalwa pat ka fè anyen pafè. Se te sèlman yon endikatè. Sakrifis sa yo, ki fèt chak ane, pa t ap janm ka rann adoratè a pafè. Kifè se poutèt sa, okenn moun ki anba lalwa, oswa k ap obsève lwa yo, oswa anba lonbraj yo, pa t ka pafè.

Paske (2èm vèsè a) *alò èske yo pa* t ap *sispann ofri yo? . . .*

30 Si gen nenpòt bagay ke m ka fè pou rann tèt mwen pafè nan Prezans Bondye, alò Kris pat gen pou L mouri pou mwen. Si gen yon sèl bagay ke w ka fè, ki ta merite nenpòt bagay

nan Prezans Bondye, alò Kris te mouri pou granmesi. Nanpwen okenn obsèvans lalwa, nanpwen okenn lide legalis pa w, okenn nan pwòp sentete pa w, nanpwen okenn bagay ke w ta ka sispann fè, sispann bay manti, sispann vòlè, sispann fimen tabak, sispann ale nan sinema, ou toujou pèdi. Anyen pa ka fè l! Fè w manm nan legliz, rityèl, seremoni, batèm, lòd legliz la, lekti kredo, resite priyè, tout bagay sa yo pa t ap konte pou anyen. Ou pèdi! Nanpwen yon sèl bagay ou ka fè poukont ou, paske ou se yon pechè ki anba kondanasyon. E pa gen okenn mwayen anndan w, oswa okenn kredo, oswa nenpòt bagay ke w ta ka fè oswa panse avè l, de tèt ou, ki ta ka merite yon sèl bagay nan Prezans Bondye, paske ou se yon pechè pou kòmanse.

31 E Bib la deklare, ke nou tout te fèt nan peche, fòme nan inikite, nou vini nan mond lan ap bay manti. E Bondye pa t ka pran yon nonm pou l mouri pou lòt la, paske youn jis koupab menm jan ak lòt la. Nan Prezans Bondye, achevèk ki fèt nan monn sa a te koupab tankou tafyatè ki pi ba a nan vil la. Youn pa ka ekspye pou lòt la.

32 Se poutèt sa, Li te pran yon vi inosan yon animal, yon ti ayo. Epi anba Ansyen Testaman an, lalwa a te di, lè yon nonm te peche, li te mennen ayo a sou lotèl la. Ann di l te dezobeyi nenpòt nan kòmandman yo, li te mennen ayo a epi li te depoze l sou lotèl la, li te poze men l sou ayo a e li te konfese peche l yo, ke li te antò epi li te konnen ke li te koupab. Nan . . . e te . . . Lalwa te egzije lanmò. E li te pote ayo a nan plas li. E lè li . . . Gòj ti bèt la te koupe, e li kòmanse choute ti pye l yo, epi ap rele. Si w te janm wè yon ayo yo touye, ala yon kri ki fè pitye! Pòv ti kanmarad la ap eseye rele, epi ti venn jigilè li koupe. Epi pandan l ap choute epi li tranble, epi pandan li drese, epi li tranble ankò epi li rele, epi san an jayi, li benyen ti lenn li ak men adoratè a.

33 E kòm adoratè a ap reyalize, poutèt li komèt adiltè, poutèt li bay manti, vòlè, kèlkeswa sa li koupab la te ye, oswa menm yon move panse, kèlkeswa sa l te ye a nan pi piti lonbraj la, li te koupab, paske se te nati li. Li te yon moun koupab, pa petèt pa dezi, men pa nati li te koupab. E li te dwe rekonèt ke ti ayo inosan sa te mouri nan plas li. E li te santi l dezole pou ti bagay la.

34 Men nonm lan, osito ke ayo a te fin mouri, ak san ayo a sou men l, li te soti kite bilding lan ak menm dezi a nan kè l, ke l te genyen nan kòmansman an. Poukisa? Paske lavi ki te nan ti ayo a . . . Lavi chita nan san an. Lavi w nan san w. Nou konn sa. E lavi nan san ayo a se te vi bèt, se poutèt sa lè ti globil san l yo te brize epi lavi a soti nan bèt la, li pa t ka retounen al jwenn adoratè a, paske adoratè a se te yon èt imen.

35 San an te fè yon kouvèti, men li pat ka fè ekspyasyon an pafètman; paske nonm lan te kite bilding lan, ak menm dezi pou peche a, menm jan l te genyen l anvan an. Men, pandan l ap fè sa,

li t ap tann yon moman kote t ap gen yon Ayo pafè ki t ap vini. E li te fè l sou sakrifis boule a, paske se te sèl fason li te konnen.

36 Alò, ou wè, lè san an t ap koule, epi lavi a te soti nan bèt la, li pa t ka retounen vin jwenn nonm lan; paske, youn te bèt, youn te lòm; yon bèt inosan, pou yon nonm koupab.

37 Men, o, yon jou, apeprè de mil an de sa, Ayo Bondye a te fèt nan yon ti manjwa nan Betleyèm, epi yo te kondwi L tankou yon mouton nan labatwa li. Anviwon milnèf san lane de sa, apremidi sa a, a twazè Li te mouri. E Ayo Bondye a ki san tach, san repwòch ki te pandye sou kwa Kalvè a e Li te mouri pou chak pechè. Kounye a lè adoratè a vin jwenn Ayo sa, pa lafwa! E sa se yon diferan kalite Ayo. Se pa yon Ayo tankou lòt yo.

38 Pèsonn pa ka vin jwenn Ayo sa, eksepte si Bondye atire l an premye. Ou wè souverènte Bondye? O, mwen espere ke sa antre byen fon kounye a. Gade. Bondye te konnen Li te gen mouton nan mond sa. Li te konnen Li ta pral gen moun pou sove, e lanmou Li te gade anba epi te wè sila yo ki ta pral sove; se poutèt sa, pa presyans, Li te predestine yon Legliz pou rankontre L laba, san tach ni rid. E si Bondye te egzije yon Legliz san tach ni rid, Li te dwe gen yon bagay pou fè l fason sa. Li pat ka egzije sa, jistis Li, jijman Li yo pat ka kite L mande yon bagay konsa si pat gen yon fason pou fè l.

39 E lòm pa ka fè l poukont li. Li se yon echèk total. Bondye te kite l wè sa atravè lalwa, atravè jij yo, epi atravè tout Ansyen Testaman an. Li te voye pwofèt yo, Li te voye nonm jis la, e yo te jwenn ke chak moun te echwe.

40 Kifè, Bondye, pa gras souveren Li, te voye, apati de pòtay Laglwa yo, sèl Pitit Li fè a, pou pran plas nou.

41 Sonje, si Li ta di pou pap Wòm lan pran l, li pa t ap ka fè l. Si Li ta di pou achevèk Canterbury a fè l, li pa t ap ka fè l. Si L ta rele trè sen reveran papa a oswa evèk mond lan, li pa t ap ka fè l. Li t ap jis rejte menm jan ak Jida Iskaryòt la. Li pa t ka fè l, paske li te "fèt nan peche, fòme nan inikite, vini nan mond lan ap bay manti," e l te bezwen ekspyasyon pou tèt pa l.

42 Alelouya! Men gen Youn ki te soti nan pòtay Laglwa yo; okenn lòt, pa yon nonm, pa yon bon nonm, ni yon Jwif ni yon Moun lòt Nasyon. Li pa t anyen mwens ke Bondye Toupwisan, kache nan lachè imen. Li te vini, Limenm, pou L ofri Pwòp San Li, paske Li pat vini pa sèks. Sèks pa t gen anyen pou l wè ak sa. Men Li te kouvri yon vyèj ak lonbraj Li, e Li te fè soti apati de yon Selil San ke Li te kreye, Limenm, Sila ki inosan an.

43 Alò sali pa m, pa w, aswè a, pa depann de merit pwòp aksyon nou yo. Li te depann de gras pozitif souveren Bondye Toupwisan an Ki te chwazi nou nan Li. Sètènman. Mwen pa t ap janm ka pafè, ni ou pa t ap janm ka pafè. E nou pa pretann ke nou pafè. Men nou gen sèl konsolasyon sa, ke, lafwa nou repoze nan yon Sakrifis pafè ki deja aksepte!

44 Alò kijan nou fè konnen ke nou jwenn Sa? Lè adoratè a mete men l, pa lafwa, sou kò Seyè Jezi a, epi li santi laterè peche a, epi mokri krache yo nan Pwòp figi L, li santi jemisman Jethsemane yo, agoni Kalvè a, epi li konnen ke li koupab, epi li konfese peche l yo kòrèkteman, "O Seyè Beni, mwen koupab. E mwen pa gen okenn lòt mwayen ke Oumenm pou ede m. E pa lafwa . . . W ap envite, Sentespri a, te vini epi envite m vini. E kounye a, pa lafwa, mwen aksepte Jezi kòm Sovè pèsonèl mwen." Lavi sa ki te soti nan Li sou Kalvè a, ki rele Sentespri a, ki te kache nan Selil San Seyè Jezi a, retounen al jwenn adoratè a epi batize l ak Sentespri a, nan Kò Kris la.

45 E Li deja jije. Ou pa gen pou enkyete w pou jijman. Pandan m vire epi gade ti krisifi sa, m reyalize ke sa se . . . reprezante kò Li. E kounye a kò sa deja jije. Bondye pa ka jis epi jije l ankò, paske li deja jije. Bondye te frape kò sa a ak jijman lanmò yo. E toutotan ke m ka jwenn yon mwayen pou m kache nan kò sa, jijman Li te frape pou mwen ak pou ou. Nou lib! Women 8:1, di: "Se poutèt sa kounye a pa gen okenn kondanasyon pou sila yo ki nan Jezikri, ki pa mache dapre lachè, men dapre Lespri." Men ni, okenn kondanasyon! M pa bezwen konnen sa k ap vini oswa sa k prale, ou kache anba San an.

46 Yon lòt fwa ankò, kijan nou fè antre nan Kò sa? En Korentyen 12:13, di ke "Pa yon sèl Lespri!" Kijan Lespri a vini? Atravè Sakrifis la. Ki kote Lespri a te ye? Nan San an. Poukisa bèt la pat ka retounen? Se te yon bèt. Lespri bèt la pat ka vin jwenn lespri imen an epi fè anyen avè l, paske lespri imen an te nan yon liy lavi ki pi wo pase pa bèt la. Men okenn lespri lòt nonm pa t ka retounen. Si w gen lespri yon zansèt, se espirityalis. Men Bondye Limenm te vini, pou ke Pwòp Lespri Li, ki se liy lespri ki pi wo ki genyen, ka retounen pa fòm batèm Sentespri a, bay adoratè a, atravè San Kris la, epi fè l antre nan Kò a. Li an sekirite!

47 Gade. San towo ak kabrit yo pa t ap mache, piske li te fèb. Kounye a ann kòmanse li, apeprè vèsè 12 la. Dakò. San towo bèf ak kabrit yo pat ka mache, ni li pat ka fè ekspiyasyon. Gade.

> *Men nonm sa,* (Ki Nonm? Evèk la? Non. Pap la? Non.) . . .
>
> *Men nonm sa a, apre li . . . te fin ofri yon sèl sakrifis pou* peche *pou tout tan, li te chita sou* bò *dwat Bondye;*
>
> *Depi kounye a, l ap rete tann jiskaske l fè lènmi l yo tounen yon ban pou mete pye l.*

48 Èske nou pare? Èske nou pare pou Pawòl la? Koute Sa a, epi mwen vle nou kite L antre fon. Koute byen.

> *Paske, pa yon sèl ofrann,* (pa ane apre ane, pa revèy apre revèy, pa reyinyon apre reyinyon, pa jou apre jou) . . .

Men *pa yon sèl ofrann li* te p-è-f-e-k-s-y-o-n-e (yo te? Li te!)...

...*pa yon sèl ofrann li* te *pèfeksyone* (sa se egzijans Bondye) *pou tout tan sa ki sanktifye yo*.

49 Men ni. Sa se repons lan pou lanmò Kris la. Sa se repons lan pou Kalvè a. Li absoliman, ak Pwòp San Li, te rachte peche nou yo, epi te mennen nan pèfeksyon pou tout tan, kwayan L yo. Se poutèt sa, nan Kris nou kanpe san repwòch, pafè nan Prezans Bondye Toupwisan an. Nou se moun k ap viv anba privilèj yo, ak pwòp doktrin nou yo; yo te anseye nou tout ke nou dwe rive nan yon sèten nivo, nou dwe fè yon sèten bagay. Non, frè m, se pa anyen ou te fè; se sa Bondye te fè pou ou! Noumenm kounye a, si nou jistifye pa lafwa, nou pafè pou tout tan nan Prezans Bondye.

50 Alò Jezi di: "Se pou nou pafè." Alò, sa te mennen nan pèfeksyon pou tout tan. Bondye, atravè lanmò Kris la, milnèf san lane de sa, jodi a, te rann kwayan an pafè, ke Li te wè anvan fondasyon mond lan, pou tout tan. E sila Li rele yo, Li jistifye yo. "Sa yo ke Li te konnen davans, Li rele yo; sila Li te rele yo, Li jistifye yo; sila yo ke Li te jistifye, Li deja glorifye." Li pèfeksyone kwayan L yo!

51 Kounye a gade, ann retounen kounye a nan vèsè 1 an.

...*lalwa a ki gen yon lonbraj bon bagay ki gen pou vini yo, epi li pa imaj menm bagay* sa yo*, pa janm kapab ak sakrifis sa yo ki* te *ofri chak lanne san rete a fè* moun ki vini an *vin pafè*.

52 Gade byen, "pèfeksyon," se de sa n ap pale.

Alò èske yo *pa* t ap *sispann ofri yo? paske adoratè a yon fwa li pirifye* pa t ap gen *konsyans* peche *ankò*.

53 Kisa w vle di? Mo *konsyans* lan la a, e bon entèpretasyon an, se "dezi." E si yon nonm vini, adoratè a, kòrèkteman, devan Kris, wè soufrans Li, epi li ofri tèt li bay Kris, epi di: "O Seyè Bondye, pa gen anyen nan mwen ki ka fè ekspiyasyon, men mwen depann de Ou nèt," alò Sentespri sa antre nan kè imen an, kesyon peche a menm regle pou tout tan, paske tout dezi peche te retire nan ou. Paske si lalwa te ka fè sa, sakrifis sa yo pa t ap gen pou yo sispann; men kòm li pat ka fè sa, Kris te dwe mouri, pou rann nou pafè.

54 Zanmi m yo, gen tèlman anpil bagay ke nou ta ka di aswè a, sou pèfeksyon an. Nou toujou ap eseye rabese lòt yo, pou rann tèt nou jis yon ti kras pi sen pase yo ye—yo ye. Men si nou te sèlman gade tablo a, se gras Bondye sèlman ki fè nou sa nou ye a.

55 Isi a kèk tan de sa, nan Ohio, mwen te aprann yon leson nan fason ki pi difisil la. M te gen yon seri reyinyon laba a nan Ohio, e m te rete nan kanpay. Poutèt foul moun yo, m pat ka rete nan vil la.

56 Nou t ap manje nan yon ti restoran Dunkard. E ti sèvez yo te si emab, epi abiye desan, epi pwòp jan yo te kapab, yo te parèt tankou vrè dam, yo t ap sèvi nou. Se te yon ti kwen nan paradi, pou manje nan yon kote konsa. Kwizin yo te pwòp kou dlo kòk. Epi nan dimanch yo te fèmen epi yo te ale nan legliz yo. M te vin on tikras grangou, mwen ta pral preche dimanch apremidi.

57 E mwen te ale nan yon ti òdinè. . . jis yon ti restoran Ameriken òdinè, pou m pran yon bagay pou m manje. Epi lè mwen te travèse papòt la, kisa mwen te tande apa de bri yon machin pou jwe lajan! E te gen yon nonm menm laj avè m ki te kanpe la, ki petèt te yon nonm marye, ak bra li toutotou yon fanm, ap jwe yon machin pou jwe lajan. Lalwa nou an menm, pwoteksyon jistis nou an, byen nou yo, te kanpe la ap vyole yon bagay ke li te sipoze pwoteje. Paske, li ilegal pou jwe aza nan Ohio, lè w ap jwe yon machin lajan.

58 Epi mwen te vire gade dèyè bilding lan, te gen yon gwoup adolesan, ak yon vye plak wòkennwòl sou machin nan, k ap jwe. Yon jèn dam apeprè dizwitan, ki te gen trè klè anatomi yon fanm. Men li te kanpe la ak wòb li ki te desann ba sou devan, epi youn nan ti gason sa yo ak men l yo sou tifi a, kote yo pa t dwe ye. Epi yo t ap fimen epi bwè.

E m te panse: "O Bondye, kijan W ka sipòte sa?"

59 E mwen te gade sou bò dwat mwen, lè m te tande yon moun pouse yon gwo jemisman. Epi yon fanm aje te chita la, petèt swasantan, oswa swasanndizan. Li te pote vye ti rad vilgè sa yo sou li, ki te rive jis apeprè sou mwatye manm li yo, epi pòv vye chè ride li a te jis mou otan li te ka ye. Epi li te gen makiyaj wouj sou bouch li la a, ak yon gwo bagay mov pentire sou bò figi l; yon ti pè soulye nan pye l, sandal, ak zong pye l pentire an koulè mov; zong men l pentire an koulè mov. Epi cheve l yo te koupe kout tout bon, epi yo te boukle, epi te gen tenti ble. Epi m te gade l.

60 Epi de mesye te chita sou lòtbò tab la, sou. Youn nan yo (se te an ete) ak yon gwo vye manto militè sou li, ak yon echap gri nan kou l, ak figi l kouvri ak yon bab, li t ap rote, ak tout bagay. Epi mesye yo te retire kò yo bò kote l, epi yo te kòmanse mache *konsa*, nan direksyon twalèt yo.

61 Mwen te kanpe la. Epi mwen te di: "Bondye, poukisa Ou pa detwi tout bagay la? Poukisa Ou pa jis anglouti l anba tè a?" Mwen di: "Èske ti Sarah ak Rebekah m yo pral oblije grandi anba jan de bagay konsa?" Mwen di: "Kijan Ou ka, Bondye, nan gran sentete W, janm sipòte pou gade yon bagay konsa, epi pa voye yon tranblemanntè pou fè l fè fon?"

62 Epi pandan m te kanpe la, ap kondane fanm lan, jan m te fè a, m te fè yon pa dèyè pòt la. Mwen te santi Lespri Bondye a vin jwenn mwen, e mwen te plase m dèyè pòt la.

63 E mwen te wè tankou yon bagay k ap toubiyonnen. E lè sa te fèt, nan vizyon an, se te mond lan ki t ap vire tounen epi tounen.

E jan m te remake a, toutotou mond lan te gen yon fil wouj vif, toutotou mond lan. E pandan m te rive la nan mond lan, m te wè tèt mwen, jis yon ti gason, ap fè dè bagay ke m pa ta dwe fè; petèt pa *konsa*, men se te peche. E chak fwa m te fè yon bagay, m te wè gwo lonbraj nwa sa ki al nan direksyon Syèl la. E la, Bondye te ka touye m nan minit sa.

64 Epi mwen te wè ki te kanpe ant mwenmenm ak Bondye, Sakrifis pafè sa te kanpe. Mwen te wè L kanpe la ak pikan yo sou tèt Li, epi krache ki t ap koule sou figi Li. E chak fwa peche m yo te kòmanse ale nan direksyon Bondye, Li te lonje epi atrap li, tankou parechòk nan yon machin. Li t ap pwoteje m kont lanmò. E chak fwa m te fè yon bagay ki mal, Bondye ta ka touye m. Sètènman, sentete Li egzije sa. Lwa Li egzije sa. E chak fwa m fè yon bagay, oswa ou fè yon bagay, San Jezikri a aji tankou yon parechòk. E m te wè fil wouj vif sa a te vle di ke, alò, ke San an toujou pwoteje tè a.

65 E pandan m te kanpe, ap gade, m te vin on tijan pi pwòch Li pandan m te remake L. E m te ka tande L di: "Papa, padonnen l, li pa konn sa l ap fè." E m te bese je m gade, e te gen yon liv ki te poze la. E te gen yon Zanj k ap anrejistre la, e li te kanpe bò kote L. E chak fwa m te peche, yo te mete l sou liv la. E non m te sou li. E m te reyalize ke yon jou, mwen . . . fil San sa t ap disparèt epi m t ap oblije kanpe nan Prezans Bondye, ak lavi peche m lan. Men, mwen te wè, ak mizerikòd Li Li te kenbe jijman mwen an.

66 Mwen t al jwenn Li, avèk imilite. M te mete m ajenou, epi m te di: "O Jezi, Ou menm Pitit Bondye a, mwen pa diy pou m vini nan Prezans Ou. Men èske Ou vle tanpri padone m pou sa m te fè a?"

67 Li te manyen bò kòt Li ak men L, Li te pran vye liv la epi L te ekri "padonnen" sou li, te jete l pa dèyè Li, epi peche m yo te disparèt! Apre sa Li te gade m, sevè nan figi, Li di: "Kounye a Mwen padonnen w, men ou vle kondane l." Alò mwen te wè kisa sa te vle di.

68 Pandan m soti nan vizyon an, m te mache al bò kot manzè. Mwen di: "Kijan w ye?"

69 Li t ap bwè. Li te leve je gade m, epi li di: "O, alo."

Mwen di: "Èske m te ka chita?"

Li di: "Mwen gen konpayi."

70 Mwen di: "Mwen pa vle di l nan sans sa, madam. Mwen jis vle pale avè w, yon minit."

Li di: "Chita."

71 Epi m te di: "Madam, sa fè jis kèk minit, m te kanpe la a dèyè pòt sa . . . " Mwen kòmanse rakonte l. Epi pandan m kòmanse gade, dlo kòmanse koule sou machwa l yo. Epi li te di m . . . Mwen di: "Madam, ou pa vle fè bagay sa yo. Jezi te mouri, e San Li kenbe jijman Bondye yo. Ou pa vle fè sa."

72 Epi li di: “Non, mesye.” Li di: “Papa m te yon dyak nan legliz. Mwen te grandi nan yon fwaye Kretyen. Mari m avè m te manm fondatè, e nou te viv yon vi Kretyen.” Li te kòmanse di m, apre lanmò li . . . Li te gen de jenn fi, e li te devye. E li te di m kijan tifi yo te kite l, epi li te gaspiye lavi l. E li te panse pa t gen okenn espwa ankò pou li.

73 Men mwen di: “Bondye, gen mizerikòd! ‘Sa yo ke Li te konnen davans, Li te rele yo.’”

Li di: “Èske ou se Reveran Branham, ki sot laba a?”

Mwen di: “Se mwen menm.”

74 Li di: “Mwen wont tèt mwen, pou m chita isi a konsa.” Li di: “Èske w panse ta gen yon chans pou mwen?”

75 Mwen di: “Jezi gen bra L lonje, ap tann ou vini, madam.” Epi lòt moun yo kòmanse pote atansyon. Epi m te di: “Èske w ta vle avanse isi a sou planche a avè m?”

Li di: “Mwen vle, mesye.”

76 Mwen te pran men l. Mwen di: “Ou gen apeprè laj manman m. Èske w ta vle mete ajenou isi a avè m, sou planche a?” Epi la a sou planche a, nou te transfòme kote sa apremidi sa a, nan yon reyinyon ansyen mòd. E Bondye te sove fanm sa, pa gras Li. Li te abiye tèt li epi li te vini nan reyinyon an, epi, pou sa m konnen, l ap viv yon vi Kretyen aswè a.

77 Kisa sa ye? O, Bondye egzije pèfeksyon! Li egzije repantans ou. Li egzije fidelite w anvè Li. Men L ap gade aswè a. Kèlkeswa kantite peche ou te fè, kijan sa piti oswa konbyen, ou toujou yon pechè, e ou pa ka antre okenn lòt fason ke pa Jezikri, Sakrifis Bondye ki sifi nèt la. E nan Li ou vin pafè pou tout tan. Panse a sa! Se pa anyen ou fè. Se pa nouvo paj ou vire. Se pa yon nouvo vi ou kòmanse. Se yon konfesyon pou tò ou, epi gras Bondye anvè ou. Sa mennen w nan pèfeksyon, e alò ou vin pafè nan Jezikri.

78 Mwen gen konfyans, aswè a, zanmi pa m, pandan nou isi a nan gran moman kritik sa kounye a, lè desizyon yo dwe pran apre nou fin tande istwa sa. Ou ta ka pa t janm tande l anvan. Men ou pa ka soti nan youn nan pòt sa yo menm moun ou antre a, ou dwe soti pi bon oswa pi mal.

79 E pandan nou bese tèt nou jis yon moman, mwen vle nou panse anpil sou sa. E nanm ou aswè a? Jezikri te mouri pou ou.

80 Ou di: “Frè Branham, lè m ka vin sispann fimen, lè m ka sispann bwè, lè m ka mete bagay sa a dwat, m ap fè l.” O, sa p ap janm fèt byen. Ou p ap janm kapab fè l. Poukisa ou pa jis vini jan w ye a? Epi, avèk lafwa, ale nan Rivyè sa a, ke blesi ouvè Ou yo ap nouri, alò lanmou ki rachte va vin tèm pa w, e l va la jouk ou mouri.

81 Poukisa pou w pran yon ranplasan? Poukisa w eseye antre pa legliz ou a? Poukisa w ap eseye antre paske ou sispann bwè oswa

sispann bay manti? Vini pa mwayen pèfeksyon an! "Paske, ak yon sèl Sakrifis, Li te rann pafè pou tout tan sa yo ki sanktifye."

"Kijan m fè vin sanktifye?"

82 Konfese peche nou yo nan Prezans San Jezi a; e Lavi ki te vini apati de San sa, te tounen vin jwenn adoratè a, epi sanktifye l anba dezi bagay lemonn yo. Paske, pa Sakrifis ki sifi nèt sa, Li te sanktifye nou; yon sèl Lespri, nou tout batize nan yon sèl Kò. "Kounye a pa gen okenn kondanasyon pou sila yo ki nan Jezikri, pou sila yo ki pa mache dapre lachè, men Lespri a." Si w ap eseye mache pa Lespri a, epi ou toujou ap konvwate lachè, Sakrifis la pat aplike ase pou ou. Men adoratè a yon fwa l pirifye, pa gen okenn dezi peche ankò.

83 Sa se te Kalvè a. Se pa yon kote pou vann flè, oswa yon ti kote pou fè *sesi* oswa *sela*. Se te yon plas kote Bondye ak lòm te rekonsilye. Se te plas la kote lapè ak sekirite pafè te pote bay limanite. Èske w ka ale avè m, aswè a, zanmi pechè mwen, sou Kalvè a, epi pa lafwa aplike San sa a nan pwòp nanm ou, epi kite Sentespri a vini epi sanktifye w pa gran Sakrifis Li a?

84 Anvan nou priye, èske w ta vle leve men w bay Bondye, epi di: "Gen pitye pou mwen, Bondye. Kounye a mwen konfese tout peche m yo, jou swa Vandredi Sen sa a. E mwen apresye gwo soufrans Kris te fè pou mwen an. Kounye a mwen abandone pwòp volonte pa m, pwòp motif pa m yo ak tout bagay, pou m swiv Ou depi jounen jodi a, apati de kounye a." Èske w vle leve men w, di: "Sonje m, Frè Branham, nan lapriyè. Sa se desizyon kè m"? Èske gen youn, gran sware sa a, pandan n ap tann jis yon moman? Bò isi a sou bò dwat mwen an, se sèten gen youn bò la. Èske ou wont peche w yo? Èske ou wont sa w te fè a?

85 Mond lan aswè a ap chache ewo. E li gen ewo, fizikman palan.

86 Yon jou, laba a an Swis, nan yon moman kote sò Swis te an danje, moun ki soti Swis te rasanble nan chan yo pou defann—pou defann ekonomi yo. Gwo lame ki t ap vini an te twò gran pou yo; yo tout te antrene, yo te gen gwo lans ak plak pwotèj. Swis yo pa t ka fè anyen ke rann tèt yo. Yo te bloke nan pye yon mòn. Alò te gen yon ewo ki te avanse. Yon moun te dwe mouri. E si yo te pèdi batay la . . .

87 Yo pa t gen anyen ke vye lam kouto digo, ak wòch, baton, pou batay. Alòske, lame ki t ap vini an te sanble ak yon miray brik. Si yo te pran yo, yo t ap vyole bèl ti madanm yo, yo t ap vyole jèn fi yo, yo t ap touye tibebe yo, yo t ap kraze tèt yo, kay yo t ap detwi, tout bagay t ap pèdi.

88 Alò te gen yon nonm, ke yo bliye non l twò vit, ki te rele Arnold von Winkelried. Li te avanse, epi li di: "Mesye Swis yo, jodi a mwen bay lavi m pou Swis." Li di: "Jis lòtbò mòn nan laba a gen yon ti kay blan. Mwen gen yon madanm ak twa timoun k ap tann mwen. Men yo p ap janm wè m ankò, paske, jodi a mwen bay lavi m pou Swis."

Yo di: "Kisa w pral fè, Arnold von Winkelried?"

89 Li te di: "Swiv mwen, epi fè tout sa nou kapab ak sa nou genyen."

90 Epi li te voye je gade tout lame a jiskaske li te jwenn kote ki te gen pi gwo kantite lans yo. Apre sa, li leve men l anlè, li kouri nan direksyon gwo miray lans sa a, epi li t ap rele byen fò: "Fè plas pou libète! Fè plas pou libète!" Yon santèn lans te vire pou yo te ka bloke atak li a; li lonje bra l epi li mete yo ansanm nan pwatrin li, sa ki te klouwe l atè, epi li te mouri nan pwent lans sa yo. Swis sa yo te swiv li ak matrak ak baton. Gwo demonstrasyon ewoyis sa te dewoute lame sa a, jouk Swis yo te bat yo mete yo deyò nan peyi a. Epi yo pa janm gen yon lòt lagè depi jou sa a jouk jounen jodi a.

91 Leve kanpe an Swis epi nonmen non Arnold von Winkelried, w ap wè dlo ap koule desann sou machwè yo. Poukisa? Li te sove peyi yo a. Se te yon gwo zak ewoyik. Li ra pou wè yon bagay konparab, e li pa janm depase, sou tè sa a.

92 Men, o, se te yon ti bagay konpare ak sa k te rive yon jou! Lè ras Adan an te kanpe la, demon yo te soti toupatou, pwofèt yo te echwe, lalwa a te echwe, sakrifis towo ak ayo te echwe, nati lòm te echwe, tout bagay. Epi ti ras Adan an te kanpe la, defèt; demon, sipèstisyon, maladi, ak afliksyon te depase yo an kantite. Te gen Youn ki te avanse nan Syèl la, epi Li di: "Jodi a M ap mouri pou ras Adan an." Li te vini sou tè a e Li te fèt chè. Li te gade laba, nan mitan tout lans sa yo, kote ki te pi dans lan. Pi sonb nan tout perèz lòm yo se te lanmò, e Li te pran lanmò nan lestomak Li. Epi sou Kalvè a Li te peye sakrifis la, epi Li te rele: "Fè yon chimen pou Libète!"

93 E Li te rele byen fò bay Legliz Li: "Pran Sa ke M kite pou ou a, San Mwen ak Lespri Mwen, epi goumen ak tout sa w genyen." Nou ka konkeri aswè a, atravè Sa, zanmi. Ou ka chase dyab la soti nan ou. Chak vye lènmi ki nan lavi w, li ka chase pa San ak Lespri Kris la, e ou ka kanpe pafè nan Prezans Li. Kris te fè chimen an!

94 Èske w ka fè otan ke leve bra w ba Li, epi di: "Padonnen m"? Bondye beni w, frè. Yon lòt moun: "Gen pitye pou mwen, Bondye, kounye a mwen konfese tò m yo"?

95 Èske gen kèk manm legliz tyèd ki al legliz chak jou, e petèt k ap eseye rete nan pyete otan ke posib, men poutan nou konnen ke tanperaman kòlerik ak endiferans sa, ak egoyis, abitid ki rete kole sou nou jouk nou pa gen laviktwa? Èske nou ta vle pirifye pa San an, aswè a, anba tout sa a? "Paske adoratè a yon fwa l pirifye pa gen konsyans ankò . . . " Èske w ta renmen leve men w, oumenm manm legliz? Bondye beni w, madam. Leve men w epi di: "Frè Branham, sonje m nan lapriyè." Bondye beni w, madam. Se vre. Sa se yon vrè. . . Sa se yon vrè bagay pou fè. Bondye beni w dèyè a la, mesye.

96 Yon lòt moun leve men w, di: “Gen pitye pou mwen, Bondye. Mwen konnen mwen pwofese Krisyanis, men mwen pa viv li. Mwen konnen mwen pa fè l. E nan kè m, mwen reyèlman pa anrèg avèk Ou. Mwen vle pou m youn nan eli Bondye yo. Mwen santi nan kè m ke se sa mwen ye, men mwen pa t janm voye jete pwa yo ki sitèlman vlope m fasil. E mwen vle voye yo jete aswè a. Epi, pa gras Bondye, m ap fè l. Priye pou mwen.” Èske w ta vle leve men w? Bondye beni w, madam. Yon lòt moun. Jis yon tikras, n ap tann.

97 Pandan n ap tann an silans, tout moun kounye a ak tèt nou bese nan lapriyè, fredonnen sa a dousman kounye a:

> Genyen yon Sous tou plen ak San,
> Ki rale sot nan venn Emanyèl yo,
> E pechè ki te plonje ladan l. . .
> Pèdi tout tach koupab yo.
> Pèdi. . .

98 Ou pa vle reflechi sou sa jis kounye a? Pa eseye lave men w. Kris la nan men w.

99 Pilat te eseye l, jou maten sa, nan zòn sizè; men men l yo toujou plen san, koupab ak san. Ou konn sa k te rive l. Li te ale an Swis, plizyè ane apre, li te pèdi tèt li, epi li te mouri apre li te plonje nan yon basen dlo. Maten an, an Swis, dè santèn de moun vin gade sèn lan, dlo ble bouyi sot nan fon gwo twou dlo sa. Yo fè l chak ane. Se yon vye lejann, yo di ke Bondye te refize pou dlo netwaye men l.

100 Frè, kèlkeswa konbyen fwa ou batize, kèlkeswa sa w eseye fè, pa gen anyen k ap netwaye men w ke San Kris la. Bondye te refize sa. Epi dlo ble a, apre de mil an, prèske, toujou ap bouyi. Bondye refize sa. Jistis pwòp tèt ou pa ka netwaye peche w yo. Pa gen anyen ke San Jezi! Panse a sa kounye a. Nou pral priye, jis yon moman.

101 Mwen mande m si m te ka mande yon bagay aswè a. Lè Li te kanpe la nan sal jijman Pilat la, jou maten sa, epi Li te di: “Si Wayòm Mwen an te nan mond sa a, Mwen te ka pale ak Papa M epi touswit Li tap voye douz lejyon Zanj pou Mwen.” Alòske, yon sèl nan yo te ka detwi mond lan. “Mwen t ap pale avè L, e douz lejyon Zanj t ap drèt a dispozisyon Mwen.” Li te ka fè l. Men Li te kanpe la, dou epi enb, pou pran lanmò w epi pran peche w yo.

102 Èske w ap rekonesan ase pou Sakrifis sa aswè a, oumenm ki bezwen sa, e ki bezwen benediksyon Bondye yo, èske w ap kanpe sou pye w pou priyè sa a? Jis leve kanpe sou pye nou, noumenm ki vle ke yo sonje nou nan priyè sa, nan di: “Bondye, gen pitye pou mwen. Mwen koupab, mwen te fè move bagay, e kounye a mwen vle aksepte padon mwen atravè Kris Jezi.” Èske w vle leve kanpe sou pye w jis nan moman sa a? Bondye beni w, jèn dam. Sa se kouraj la. Jis rete kanpe la.

103 Èske w vle di m ou te leve men w, epi ou pa sensè ase pou kanpe sou pye w? Ki byen Levanjil la janm fè pou ou? O, ala w ap pran legliz alalejè, w ap pran Bondye alalejè! Lè a pral rive byento, youn nan jou sa yo yon bonm atomik pral frape bò isi a yon kote, nan youn nan gwo izin poud sa yo. P ap gen yon fraksyon segond pou reflechi sou sa. Li pral twò ta lè sa, e petèt anvan pwochen Pak la, oswa menm Pak sa. Èske w pa vle kanpe kounye a, di: "Bondye, gen pitye pou mwen, yon pechè. Kounye a mwen aksepte Kris, pa ofrann Tèt Li kòm yon ekspiyasyon pou peche m yo. E pa gras Li, e gras Li sèlman, mwen rete nan Prezans Bondye." Èske w vle konfese tò ou? Sila k ap kache peche l yo p ap pwospere. Sila ki konfese peche l, gen mizerikòd. Sa depann de ou. L ap gade.

104 Kounye a, Senyè beni nou an, aswè a kanpe isit la twa nanm repanti, yon nonb ki enpòtan, yon gason ak de fanm.

105 Pandan m ap panse, Seyè, a Kalvè a, lè youn sou yon bò, te di: "Seyè, sonje m lè W va vini nan Wayòm Ou"; lòt la te di: "Si se Ou, fè nou wè yon mirak, retire nou sou kwa a epi sove Tèt Ou." Epi lòt la te di: "Bondye, gen pitye pou mwen." E tèt Ou te panche sou bò dwat li, epi Ou te di: "Jodi a ou va avè M nan paradi a." Men Ou pat di lòt la anyen, paske pat gen okenn repantans.

106 Epi, Bondye Papa, mwen priye ke sa yo petèt . . . Mwen espere byen ke yo se sèlman twa nan bilding lan, ki santi ke yo bezwen konfese tò yo. Men ke yo te vini pa mwayen ki sifi nèt la, de mwayen kwa a. Padonnen yo, Seyè, epi beni yo. Yo kanpe isi a aswè a; menm jan Ou te kanpe pou yo, nan sal jijman Pilat la; menm jan Ou te kanpe pou yo, ant Syèl la ak tè a, lè solèy la te kouche epi lalin lan pa t vle bay limyè li, epi vwal tanp lan te dechire depi anwo jouk anba. Mwen priye, Bondye, ke Ou va beni yo epi ba yo mizèrikòd Ou yo, epi netwaye yo ak San Ou. Epi batize yo ak Pwisans sanktifikasyon Ou, nan Kò Pwòp Pitit Ou a, Kris Jezi, alò yo prezève pou tout tan epi pou tout Letènite. Beni lòt yo ki santi ke yo kòrèk, ke yo te deja konfòm ak sa e yo te fè sa. Mwen priye pou benediksyon sa pou yo, nan Non Kris. Amèn.

107 Bondye beni nou. E nou menm ki kanpe toupre sa yo ki te leve kanpe, lonje epi ba yo lanmen, yon moun, epi di: "Seyè a beni w," se byen, tankou bay men asosiyasyon an.

108 Kounye a nou jis yon tikras an reta nan sèvis nou yo. Konbyen ki renmen Seyè Jezi? Leve men nou. Mwen mande m, an silans kounye a, oswa jis an silans jan nou ta kapab, nan komemorasyon Sila Ki omniprezan an, ki isi a aswè a, si nou te ka chante dousman:

Se te laba sou kwa a kote Sovè m lan te mouri,
Laba a pou pirifye peche mwen te kriye;

La a nan kè m . . . (Lè w te satisfè egzijans lan,
te poze men w sou Li,) Se la a nan kè m San
an te aplike;
O, glwa pou Non Li!

Annou chante dousman kounye a, pandan nou bese tèt nou devan L.

Laba sou kwa a kote Sovè m lan te mouri,
Laba pou pirifye peche mwen te kriye;
La a nan kè m San an te aplike;
Glwa pou Non Li!

Glwa pou Non Li! (Non presye!)
Glwa pou Non presye Li!
La a nan kè m San an te aplike;
Glwa pou Non Li!

109 Kounye a dousman, ak tèt nou bese. Nou menm ki sove, di:

O . . .

Leve men nou kounye a.

O, Fontèn presye ki sove anba peche!
Mwen sitèlman kontan mwen antre ladann;
Se la Jezi sove m epi kenbe m pwòp;
Glwa pou Non Li!

Glwa pou Non presye Li!
Glwa pou Non presye Li!
La a nan kè m San an te aplike;
Glwa pou Non Li!

110 Kounye a ak men nou bese, tèt nou bese. Mwen te fèk panse; yon moun te rele kèk moman de sa, epi li te di yon moun te vle yo sonje l aswè a nan lapriyè, pou kò yo. Yo pat ka retounen nan reyinyon an pou dimanch swa, pou gwo sèvis gerizon an. Èske nou ta vle kanpe sou pye nou, nou menm ki vle yo sonje nou nan priyè sa jis kounye a?

. . . San an te aplike sou kè m;
Glwa pou Non Li!

Glwa pou . . .

111 Kounye a ak tèt nou bese. “Li te blese pou transgresyon nou yo, brize pou inikite nou, chatiman ki ba nou lapè te tonbe sou Li, e ak blesi L yo nou te geri.”

Glwa pou Non Li!

112 Kounye a, Papa beni, pandan nou apwoche kwa a avèk imilite kounye a menm, kote gras ak mizerikòd te jwenn mwen, se la Etwal Maten ki Klere a simaye ti limyè L yo toutotou mwen. Malad sa yo kanpe nan Prezans Ou. Yo kwè jis kounye a, ke pa lafwa, yo gade do blese sa, laba a. “E ak blesi L yo nou te geri.” Papa ki Trè Sen, nou vini ap konfese fwa nou, nan kwè ke Ou geri kò malad nou yo, atravè gwo soufrans Seyè Jezi te andire nan plas

lòt moun. E nou ofri pou moun sa yo ki kanpe, yon priyè lafwa, ke Ou te pwomèt ki t ap sove malad yo. E nou, ansanm, antan ke yon gwoup ini kwayan W yo aswè a. Ou di: "Kèlkeswa kote de oswa twa rasanble, M ap nan mitan yo." E nou mande mizerikòd pou yo, pou gras Ou ka manyen nanm enteryè yo kounye a, ke yon bagay pral ankre byen fon; ke yo va konnen ke Kris isi a epi te pale avè yo, Li di: "Pitit pa M lan, Mwen te pote maladi w la laba a sou Kalvè. Kounye a jis lage tout sousi w yo sou Mwen, paske Mwen sousye de ou." E ke yo geri, konplètman, paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

113 Epi pandan yo chita kounye a, yon moun ki pre yo, poze men w sou yo, yon moun ki t ap priye pou yo. Bib la di: "Yo va poze men yo sou malad yo; yo va geri." Ke Seyè a beni.

114 Si m pa twonpe m, èske m p ap gade nonm lan ki te geri isi a kèk jou de sa, oswa kèk dimanch de sa, ki te soud oswa yon bagay nan zòrèy yo? Mwen wè w ap jwi reyinyon an aswè a. Ou tande m byen kounye a? Sa bon. Mèveye! Jis leve kanpe sou pye w jis yon moman. Konbyen ki sonje l te isi a? E li te pase nan liy priyè a, yo te mennen l anwo sou lestrad la, epi Seyè a te geri l epi te fè l byen. Ke Seyè a beni! Mèsi, frè, pou temwayaj ou. Li ta ka gen plizyè douzèn ladan yo! Men èske Li pa mèveye?

115 Kounye a, nou vle wè nou demen swa, byen bonè. Epi dimanch maten, byen bonè. Dimanch apremidi, e si nou ka retounen pou sèvis gerizon dimanch swa a. Jouktan nou rankontre, se pou nou kanpe epi chante chante pou lage nou an, *Pran Non Jezi A Avèk Ou.*

Pran Non Jezi a avèk ou,
Timoun chagren ak malè;
L ap lajwa ak rekonfò. . .

Vire tounen drèt epi bay tout moun lanmen kounye a.

Pran Li tout kote w ale.

Non presye. . .

Vire tounen drèt epi bay lanmen.

. . . O ala dous!
Espwa latè ak lajwa nan Syèl;
Non presye, (Non presye!) O ala dous! (Ala dous!)
Espwa latè ak lajwa nan Syèl.

Kounye a gade nan direksyon sa.

Nan Non Jezi n ap koube,
Tonbe tèt atè nan pye L,
Wa dè wa nan Syèl nou va kouwone L,
Lè vwayaj nou an fini.

Non presye, O ala dous! (O ala dous!)
Espwa latè ak lajwa nan Syèl;

Non presye, O ala dous! (Ala dous!)
Espwa latè ak lajwa nan Syèl.

116 Kounye a sonje koral Neville la, emisyon gwoup kat chantè a nan maten, WLRP, a nevè. E pa Frè Stricker a vini a nevè karannsenk, dimanch maten. M te fèk ap fè yon bann pou li apremidi a, sou rezirèksyon an.

117 Epi kounye a, jouktan nou rankontre ankò, se pou benediksyon Seyè a avè nou, pandan n ap bese tèt nou. E m pral mande bon zanmi ak frè mwen, Frè Palmer, ki soti Macon, Georgia, si li vle ranvwaye oditwa sa nan yon mo priyè, pandan n ap priye. Frè Palmer.

57-0419 Pèfeksyon An
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org